

Senk Fason pou Evite Ekwokri imigrasyon

#1

KONNEN KE FÒM IMMIGRASYON YO GRATIS! Ou pa bezwen peye pou fòm imigrasyon yo. Yo gratis e disponib sou entènèt oswa nan yon biwo lokal Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini.

#2

Sèlman ale wè yon avoka oswa yon Reprezantan Akredite nan Departman Lajistis (DOJ) pou chèche konsèy sou zafè imigrasyon w. Chache konnen si yon moun se yon avoka lisansye nan eta w la nan shop.americanbar.org/ebus/ABAGroups/DivisionforBarServices/BarAssociationDirectories. Jwenn Reprezantan Akredite DOJ nan justice.gov/eoir/recognition-accreditation-roster-reports.

#3

Pa siyen fòm vid oswa fòm ki genyen fo enfòmasyon. USCIS (imigrasyon) pa ka jije fòm vid epitou ranpli aplikasyon ak fo enfòmasyon ka lakòz move konsekans legal. Toujou li dokiman yo anvan ou siyen epi mande tradiksyon si nesesè.

#4

Evite peye founisè sèvis ou a ak lajan kach. Peye avèk chèk, manda, oswa kat kredi pou kreye yon anrejistreman peman.

#5

Kenbe kopi tout sa ou siyen, tankou fòm ou ranpli pou voye bay USCIS (imigrasyon).